

**Yuni Astuti**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA (astutiyuni1506@yahoo.co.id)

**Abstrak**

Page | 1

Asil kasusastran Jawa ing jaman modern saiki wis akeh banget. Salah sawijine reriptan sastra Jawa modern kang pinilih minangka objeke panliten iki yaiku reriptane Ardini Pangastuti arupa crita sambung kanthi irah-irahan “Rembulan Wungu”. Cerbung iki nyritakake saweneh kulawarga kang kepengin banget nduwe anak. Iya perkara pepenginan nduwe anak mau kang banjur nuwuhake konflik psikologis tumrap paraga utama.

Underaning panliten ngenani cerbung “Rembulan Wungu” iki, yaiku (1) kepriye wujude cerbung “Rembulan Wungu, (2) kepriye gegambarane konflik psikologis paraga utama sajroning cerbung “Rembulan Wungu, lan (3) kepriye jati dhirine cerbung “Rembulan Wungu”. Tujuwaning panliten iki, yaiku (1) ngandharake wujude cerbung “Rembulan Wungu, (2) njlentrehake konflik psikologis paraga utama sajroning cerbung “Rembulan Wungu, lan (3) ngudhari jati dhirine cerbung “Rembulan Wungu”. Panliten iki diajab bisa aweh piguna tumrap pangrembakaning sastra Jawa modern, utamane ing babagan kritik sastra. Saka anane asiling panliten iki, dikarepake pengarang sastra Jawa modern bisa ngasilake karya kang luwih apik maneh.

Teori kang digunakake sajroning panliten iki yaiku teori strukturalisme lan psikologi sastra mligine nggunakake teori psikoanalisis Sigmund Freud. Panliten iki asipat kualitatif kang nggunakake sumber data arupa cerbung “Rembulan Wungu” anggitane Ardini Pangatuti kang tau kapacak ing majalah *Djaka Lodang* taun 2011. Tata cara pangumpule data ing panliten iki kalampahan kanthi nggunakake metode pustaka. Tata cara pangolahe data nggunakake analisis *deskriptif*.

Adhedhasar asiling panliten kasebut, bisa didudut menawa cerbung “Rembulan Wungu” mujudake cerbung realis kang nggambarake kedadeyan-kedadeyan kang lumrah dumadi sajroning kanyataning urip ing jaman saiki. Carane paraga utama anggone maujudake pepenginane kanggo nduweni anak kanthi cara kang kliru banjur nuwuhake konflik psikologis sajroning dhiri pribadine. Isine cerbung “Rembulan Wungu” iki saliyane kanggo nglipur pamacane uga ngemot piwulang kang bisa dadi kaca benggala kanggo ngadhepi urip.

**PURWAKA**

Masyarakat Jawa mujudake masyarakat kang kebak rasa pangrasa nduweni cara kanggo medhar apa kang dadi karepe. Salah sawijine cara kanggo medhar karepe mau, bisa kaleksanan lumantar karya sastra. Wis akeh karya sastra kang karipta saka jaman Jawa kuna, Jawa tengahan, Jawa klasik, lan kang paling anyar yaiku ing jaman Jawa modern. Karya sastra kang terus ngrembaka mau saya dina saya ngalami owah-owahan. Owah-owahan kang katon ing asil karya sastra Jawa modern disebabake saka anane daya pangaribawa saka bangsa kulonan. Sastra Jawa modern wiwit ngrembaka ing taun 1920 kanthi anane *Serat Riyanto* anggitane R.M. Sulardi kang diterbitake dening Balai Pustaka. Sawise karipta karya kasebut, karya sastra Jawa modern terus muncul.

Sawise taun 1945, kasusastran Jawa modern tuwuh lan ngrembaka nanging emane pangrembakanane mau luwih akeh tumuju marang kasusastran kalawarti lan ariwarti, dudu ing kasusastran buku (Hutomo, 1975:16). Bab iku mau katon ing karya sastra novel kang kapacak kanthi sambung-sinambung sajroning kalawarti abasa Jawa. Novel kang kaya mangkono mau diarani crita sambung utawa disingkat dadi cerbung.

Tintangan kang digunakake ing panliten iki yaiku tintangan psikologi sastra. Dene modhel kajian kang digunakake yaiku kajian psikoanalisis kang diceuthakake dening Sigmund Freud. Sajroning tintangan psikoanalisis Sigmund Freud ngrembug ngenani telung unsur kapribaden yaiku *id*, *ego*, lan *superego*. Telung kapribaden mau yen ora bisa makarya kanthi laras bakal nuwuhake konflik kapribaden utawa konflik psikologis. Bab iku mau amarga anggone manungsa nyukupi kabutuhan saka *id* kang mung mentingake aspek kasenengan kerep ngalami konflik. Konflik psikologis kang dirasakake dening paraga utama kang bakal dadi punjere panliten iki.

Crita sambung kang bakal dadi objek panliten iki yaiku crita sambung kanthi irah-irahan “Rembulan Wungu” anggitane Ardini Pangastuti. Cerbung iki kapacak ing majalah *Djaka Lodang* taun 2011. Cerbung “Rembulan Wungu” nyritakake panguripane manungsa sajroning urip sesomahan kang nemoni perkara abot. Perkara kang tuwuh ing cerbung kasebut dialami dening Atikah lan Mahendra. Wong sakloron iku wis suwe anggone urip sesomahan, udakara sepuluh taun ananging durung kanugrahan anak. Anak kang wis suwe dianti-anti dening Atikah nganti meh sepuluh taun nyatane ora teka-

teka. Dheweke ngupaya amrih bisa nduwe anak supaya bisa ngregengake bale somahe. Upaya kang nyatane ora agawe dheweke seneng, nanging malah nuwuhake bab kang nyedhihake sajroning uripe. Dheweke malah ngalami konflik-konflik psikologis.

Saliyane nggunakake tintingan psikologi sastra, panliten iku uga nggunakake teori strukturalisme amarga pamacane karya sastra iku kawiwitan saka nggoleki struktur sajroning karya mau. Antarane struktur siji lan sijine ora bisa dipisahake saengga mbentuk makna kang wutuh. Panliten iku njupuk irah-irahan *Konflik Psikologis Paraga Utama sajroning Crita Sambung “Rembulan Wungu” Anggitane Ardini Pangastuti* amarga bab kang dominan sajroning panliten iku yaiku konflik psikologis kang dialami dening paraga utama, yaiku Atikah.

Gegayutan karo lelandhesaning panliten mau, underaning panliten iku, yaiku (1) kepriye wujude cerbung “Rembulan Wungu”? (2) kepriye gegambarane konflik psikologis paraga utama sajroning cerbung “Rembulan Wungu”? (3) kepriye jati dhirine cerbung “Rembulan Wungu”. Tujuwaning panliten iku, yaiku (1) ngandharake wujude cerbung “Rembulan Wungu” (2) njlentrehakekonflik psikologis paraga utama sajroning cerbung “Rembulan Wungu” (3) ngudhari jati dhirine cerbung “Rembulan Wungu”. Panliten iku diajab bisa aweh piguna tumrap pangrembakane sastra Jawa modern, utamane ing babagan kritik sastra. Kanggone pengarang sastra Jawa modern, dikarepake kanthi anane asil panliten iku bisa ngasilake karya sastra kang luwih apik maneh amrih bisa terus ngregengake jagading kasusastran Jawa. Saliyane iku, panliten iku uga bisa digunakake minangka sarana kango *bahan* pamulangan ing sekolah, mligine ing babagan apresiasi karya sastra.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Prinsip Strukturalisme

Paham strukturalisme nganggep yen sawijining karya sastra iku nduweni sipat *keotonomian*. Mulane, tintingan kang bakal ditindakake ing sajroning karya sastra ora gepok senggol karo bab-bab kang ana ing njabane karya mau (Nurgiyantoro, 2007:36). Bab iku mau uga diandharake dening Endraswara (2003:52). Endraswara uga nerangake yen panliten struktural mandeng karya sastra minangka sawijining bab kang madeg dhewe, nglirwakake unsur ing sanjabane karya mau. Saka andharane rong ahli mau, bisa digagas yen kang dadi bebakale panliten struktural sastra yaiku unsur-unsur ing sajroning karya iku dhewe. Tintingan struktural ora nliti bab-bab ing sanjabane karya sastra.

### Paraga lan Wewatakane

Anane paraga lan wewatakane sajroning karya fiksi iku mujudake bab kang wigati. Perkara iku mau amarga mokal yen karya sastra iku kawujud tanpa anane paraga kang dicritakake (Semi, 1998:36). Adhedhasar kalungguhane paraga sajroning crita kanggo ngerakake aluring crita, paraga mau kaperang dadi paraga utama lan paraga tambahan. Paraga utama mujudake paraga kang kerep dimunculake saengga katon *mendominasi* crita kasebut. Dene paraga tambahan yaiku paraga kang anggone muncul sajroning crita mung kala-kala. Yen dideleng saka fungsi *penampilan* paraga, paraga sajroning crita bisa diperang dadi paraga protagonis lan paraga antagonis.

### Tema

Tema mujudake gagasan utama kang dadi topik lan tujuwane pengarang kang diwedhar marang pamaca (Semi, 2008:42-43). Dene Stanton lan Kenny (sajroning Nurgiyantoro, 2007:67) negesi tema minangka makna kang dikandhut dening sawijining crita. Saka rong panemu kasebut cetha yen tema iku mujudake gagasan kang dadi dhasare pengarang sajroning ngripta karyane kang sabanjure dadi maknane crita kasebut. Tema kang dadi dhasare crita mau bakal dadi jiwane saben-saben perangan saka crita mau (Nurgiyantoro, 2007:68).

### Alur

Alur mujudake salah sawijine saka unsur intrinsik pamangun karya sastra. Stanton (sajroning Nurgiyantoro, 2007:113) ngandharake yen plot yaiku crita kang isine arupa urut-urutaning kedadeyan, ananging saben-saben kedadeyan mau mung dumadi krana sesambungan sebab akibat. Aristoteles (sajroning Nurgiyantoro, 2007:142) ngandharake yen sawijining plot kudu kasusun saka telung trap-trapan, yaiku perangan kawitan (*beginning*), perangan tengah (*midle*), lan pungkasan (*end*). Perangan kawitan mujudake perangan kanggo nepungake bab-bab kang bakal dicritakake ing perangan kang sabanjure. Perangan kang tengah nyuguhake anane konflik kang saya ngrembaka. Konflik mau sadurunge wis kawiwitan ing tahap kang kapisan. Perangan pungkasan isine ngenani carane paraga anggone mungkasi konflik.

### Kelir/Setting

Tegese kelir utawa *setting* luwih condhong marang teges panggonan, wektu, lan lingkungan sosial nalika dumadine kedadeyan-kedadeyan kang dicritakake (Abrams sajroning Nurgiyantoro, 2007:216). Saka andharan iku bisa digagas yen kelir sajroning karya sastra ora mung ateges papan panggonan lan wektu kaya

anggepane wong akeh. Bab lingkungan sosial kang kagambarake sajroning crita uga sinebut kelir.

### Psikologi Sastra

Psikologi sastra yaiku tintingan sastra kang mandeng karya minangka aktivitas jiwa (Endraswara, 2008:96). Karya sastra rinipta dening pengarang amarga nalika kuwi, pengarang ana ing kahanan setengah sadhar banjur saka angen-angene mau diwujudake ing bentuk tartamtu sacara sadhar. Semi (1993:77) ngandharake sajroning ngripta karya sastra, pengarang ngalami rong trap-trapan. Kang kapisan yaiku nalika ngramu gagasan imajinatif lan abstrak. Proses sabanjure, gagasan mau banjur ditulis dadi karya sastra kang asipat agawe gagasan sadurunge mau nyata.

### Sesambungan antarane Sastra lan Psikoanalisis-Sigmund Freud

Manut teori psikoanalisis, struktur kapribadene manungsa diperang dadi telu, yaiku *id*, *ego*, *lansuperego*. *Id* mujudake sistem kapribaden manungsa kang paling dhasar kang digawa manungsa saka lair. Cara lumakune *id* adhedhasar prinsip kasenengan (*the pleasure principle*).

Sistem *Ego* mujudake perangan saka struktur jiwane manungsa kang tumindake adhedhasar prinsip kanyatan. *Ego* nduweni rong tugas utama. Kang kapisan yaiku tugas kanggo milih perangan endi kang bakal dimaremake laras karo prioritas kabutuhan. Sabanjure yaiku nemtokake kapan wektune lan kepriye anggone maremake karepe *id* mau kanthi nenimbang resiko kang bakal ditanggung. Perangan sistem kapribaden kang sabanjure yaiku *superego*. *Superego* mujudake sistem kapribaden kang isine ngenani pranatan-pranatan lan aturan-aturan ngenani apik lan ala. Kabeh kang bakal dilakoni dimana luwih dhisik kalarasake karo sistem moral.

Sesambungan antarane sastra lan psikoanalisis manut Milner (sajroning Endraswara, 2008:101-102) ana loro. Kang kapisan yaiku antarane sastra lan psikoanalisis nduweni bab kang padha ing babagan karep-karep kang ndhelik sajroning manungsa, kang ndadekake karya sastra bisa ngrasuk sajroning rasa pangrasane manungsa. Bab kapindho yaiku ana bab kang sejajar antarane impen lan sastra amarga pengarang sajroning ngripta karyane diibaratake kaya wong sing ngimpi.

### Konsep Konflik Psikologis Sigmund Freud

Konflik psikologis utawa konflik batin mujudake konflik kang dumadi sajroning ati, jiwane paraga. Konflik iki dialami manungsa karo awake dhewe (Nurgiyantoro, 2007:124). Konflik psikologis sajroning ilmu psikoanalisis Freud dumadi amarga saka struktur kapribaden *id*, *ego*, lan *superego* kang ora bisa lumaku

bebarengan kanthi laras. Anggone nyukupi kabutuhan saka *id*, antarane telung struktur kapribaden kasebut kerep ngalami konflik. Konflik kasebut diarani *inner* utawa *endopsychic conflict*, utawa bisa diarani konflik batin. Konflik psikologis mau bisa dumadi bedaning karep antarane struktur kapribaden *id* lan *ego* utawa antarane *ego* lan *superego*. Ora ana konflik antarane *id* lan *superego* amarga antarane *id* lan *superego* mesti ora bisa uwal saka *ego* (Hall, 1980:70).

### Jinise Karya Fiksi

Jinise karya fiksi manut Semi (2008:62-69) iku akeh banget. Kaya ta realisme, romantik, gotik, naturalisme, proletarian, alegori, simbolisme, satire, fiksi sain, utopia, ekspresionisme, psikologi, ekstensialisme, autobiografi lan biografi.

### Fiksi Serius lan Fiksi Hiburan

*Sebagai bahan bacaan, novel dapat dibagi menjadi dua golongan. Saya akan menyebut saja sebagai karya serius dan karya hiburan. Ada yang membantah bahwa semua karya sastra adalah hiburan. Pendapat demikian memang benar. Tetapi juga ada kelanjutannya. Yakni bahwa tidak semua yang mampu memberikan hiburan bisa disebut sebagai karya sastra serius. Sebuah novel serius bukan saja dituntut agar dia merupakan karya yang indah, menarik, dan dengan demikian juga memberikan hiburan pada kita, tetapi ia juga dituntut lebih dari itu* (Sumardjo, 1982:45).

Kurang luwih jarwane kaya mangkene:

Minangka salah sawijining wacan, novel bisa diperang dadi loro, yaiku minangka karya sastra serius lan karya hiburan. Pancen bener yen sakabehing karya iku asipat nglipur, ananging ora sakabehing karya sastra kang nglelipur kasebut bisa diarani sastra serius. Sawijining novel serius ora mung mujudake karya kang endah, narik kawigaten, lan menehi hiburan, nanging luwih saka iku.

Saka andharan iku mau bisa diweruhi yen antarane novel serius lan novel hiburan nduweni bab-bab kang beda. Novel hiburan mau bisa uga diarani novel populer utawa roman panglipur wuyung kanggo nyebut novel Jawa ing taun 1950-an. Novel serius nyuguhake bab kang luwih njlimet tinimbang novel hiburan.

Novel populer rata-rata manut marang struktur crita konvensional. Critane kawiwitlan saka anane tetepungan, tuwuwing konflik, klimaks, lan perangan pungkasan. Novel jinis iki nduweni kekuatan yaiku kanggo nuwuhake *suspense* (rasa kepengin weruhe pamaca tumrap crita sabanjure) lan *kejutan* marang pamacane (Sumardjo, 1980:29). Kaya kang wis diandharake dening Damono (sajroning Nurgiyantoro,

2007:20), paraga-paraga kang diripta dening pengarang ora ngalami owah-owahan kajiwana saka kawitaning crita tumekaning pungkasaning crita.

### Lelandhesaning Teori

Page | 4

Panliten iki nggunakake teori strukturalisme kang kagabungake karo tintingan psikologi sastra, yaiku teori psikoanalisis Sigmund Freud. Pamiling teori mau kalarasake karo underaning panliten kang wis katulis ing bab sadurunge. Kanggo ngonceki wujude cerbung “Rembulan Wungu” digunakake teori strukturalisme kang mandeng yen unsur pamangune karya sastra antarane siji lan sijine nduweni sesambungan lan mbentuk makna kang wutuh. Kanggo miyak kanthi njlimet konflik psikologis kang dialami dening paraga utama sajroning cerbung “Rembulan Wungu”, digunakake tintingan psikologi sastra, yaiku teori psikoanalisis Sigmund Freud. Andharan ngenani aspek psikologis sajroning cerbung “Rembulan Wungu” bakal dibacutake kanthi andharan ngenani jati dhirine cerbung “Rembulan Wungu”.

### METODE PANLITEN

Panliten iki asipat kualitatif. Asile saka panliten mau arupa data deskriptif. Wis dicethakake ing dhuwur yen sumber data utama kang digunakake yaiku cerbung “Rembulan Wungu” anggitane Ardini Pangastuti. Cerbung kasebut kapacak sajroning majalah *Djaka Lodang* kang lumaku nganti 16 edhisi. Edisi kapisan kawiwan No. 42, dina Setu legi tanggal 19 Maret 2011 nganti edisi kang kapungkasan yaiku No. 05, dina Setu legi tanggal 2 Juli 2011.

Data kang digunakake sajroning panliten iki yaiku arupa tembung-tembung, ukara, lan wacana kang ana sajroning cerbung “Rembulan Wungu” anggitane Ardini Pangastuti. Tamtune, tembung-tembung, ukara, lan wacana kang kajupuk saka cerbung mau kalarasake karo underane panliten kang wis kacethakake ing dhuwur.

Instrumen kang digunakake sajroning panliten iki yaiku panliti dhewe (*human instrument*). Tata cara panglumpuke data kalampahan kanthi nggunakake metode pustaka. Dene tata cara pangolahe data kanthi nggunakake analisis *deskriptif*.

### ANDHARAN ASILING PANLITEN

#### Wujude Cerbung “Rembulan “Wungu”

Ing perangan iki ngandharake wujude cerbung “Rembulan Wungu” kanthi cara mawas saka unsur-unsur pamangune. Unsur-unsur pamangune mau dipunjerake ing patang bab, yaiku tema, alur, paraga, lan kelir.

#### Tema: Wong Sesomahan Durung Nduwe Anak

Tema kang diangkat sajroning cerbung “Rembulan Wungu” mujudake tema kang nyritakake panguripane manungsa karo sakabehing perkara uripe. Perkara kang diangkat sajroning cerbung iki mujudake perkara kang lumrah dumadi sajroning kanyatan, yaiku perkarane wong kang wis suwe nglabuhi urip sesomahan nanging durung nduwe anak. Senajan ta mangkono, Ardini kang mujudake pengarang kang wis suwe anggone nggegulang sastra, kasil ngangkat crita iki dadi crita kang nduweni *greget*. Pepenginane paraga utama kanggo nduweni anak kang keladuk dadi bebakale crita iki. Tema kang dadi dhasaring crita mau banjur karakit saka kedadeyan-kedadeyan kang lumaku manut konsep alur maju.

#### Alur: Maju Ora Kaku

Alur mujudake urut-urutane kedadeyan sajroning crita. Kedadeyan-kedadeyan mau mung dumadi krana sesambungan sebab akibat. Cerbung “Rembulan Wungu” iki critane karakit manut konsep alur maju utawa progresif.

*Perangan purwaning crita* nyritakake nalika Atikah minangka paraga utama durung bisa nduweni anak sajroning wektu sepuluh meh taun anggone nglabuhi urip sesomahan karo Mahendra. Atikah wis suwe anggone ngarep-arep tekane anak sajroning bale wismane. Anak kang durung ana kasebut mahanani dheweke tansah ngrasa sedhiih.

“Nanging awake dhewe olehe omah-omah wis cukup suwe, Pa. Meh sepuluh taun. Kepriye olehku arep ora sedhiih wong kasunyatane tekan saiki durung duwe momongan,” kandhane Atikah karo nyoba nahan luh sing muntub-muntub ing tlapukan mripate...

(Rembulan Wungu edhisi 1, DL-42/2011)

Pepenginane kang gedhe kanggo nduweni anak, njalari Atikah nglakoni pambudidaya sabisane. Nyatane, sakehing pambudidaya kang dilakoni dening Atikah lan Mahendra ora kasil. Atikah nduga yen bojone gabug. Nganti sawijining dina dheweke ketemu karo tante Lisa, saweneh pelanggan ing butike. Tante Lisa kang wis meruhi masalahe Atikah banjur njumurungake Atikah amrih nyewa wong lanang kang bisa aweh wiji ing kandhutane Atikah. Atikah wekasane nglakoni tumindak ngiwa saka panjurunge tante Lisa. Dheweke nggawe kasepakatan karo saweneh wong lanang, yaiku Erik. Atikah njaluk amrih Erik aweh wiji ing kandhutane. Wekasane, dheweke nglakoni sesambungan bebojoan karo Erik lan bisa ngandhut. Crita kasebut banjur terus lumaku ing perangan alur kang kapindho, yaiku perangan konflik utawa madyaning crita.

Perangan madyaning crita, nyritakake Atikah kang bisa ngandhut lanwekasane nglairake Gilar. Nalika umure Gilar wis setaun kliwat sithik, kahanane ora ndemenakake maneh. Gilar kaya bocah idhiot.

"Iki woh saka tumindakku sing ora diridhoi Gusti Allah. Saengga PanjenengaNe ngukum aku kanthi diparingi anak sing kaya iku. Oh, aku pancep dosa," tangise Atikah saben-saben nyawang rupane anake.

(Rembulan Wungu edhisi 9, DL-50/2011)

Atikah nganggep yen kahanane Gilar kaya bocah idhiot iku mujudake piwales saka Pangeran tumrap tumindak alane karo Erik. Sejatiné Atikah kepengin kandha jujur marang Mahendra ngenani sapa sejatiné Gilar, nanging Atikah ora nduwe kuwanen. Dheweke nyimpen rasa salah iku dhewe, tanpa diweruhi dening wong liya. Rasa salah iku mau dadi saya kuwat nalika Atikah meruhi yen sejatiné dheweke bisa ngandhut saka wijine Mahendra.

Konflik sabanjure kang dialami dening Atikah yaiku arupa rasa ora jenjem sajroning atine amarga dheweke ketemu maneh karo Erik. Atikah wedi yen wadine karo Erik kawiyak. Iki mujudake peranganing konflik kang paling dhuwur utawa klimaks. Crita sabanjure bakal mlebu ing perangan alur kang pungkasan.

Alur pungkasan ing kene nyritakake *perangan wasananing crita* kang mungkasi anane konflik sadurunge. Ing perangan iki, kawiwitinan kanthi anane sapatemon antarane Erik lan Mahendra. Erik kang nalika Atikah mulih saka *mall* netutake Atikah, wekasane weruh yen Atikah iku bojone Mahendra. Mahendra kang ora liya kancane Erik nalika SMA. Sajroning perangan *ending* iki, pengarang nyuguhake anane *surprise* utawa bab kang ora dinyana-nyana dening pamaca. Erik kang disewa dening Atikah nyatane kancane Mahendra nalika SMA. Mahendra kang wis dicritani sakabehing lelakone Erik lan Atikah banjur weruh kena apa sasuwene iki ana owah-owahan ing sikape Atikah.

Sanggan kang disangga dening Atikah saya dina saya numpuk. Dheweke ora nduwe papan kanggo sesambat. Bab iku ndadekake dheweke lara. Larane mau disebabake dening faktor psikologis. Atikah wekasane wani kandha jujur marang Mahendra. Dheweke wis nggetuni tumrap sakabehing dosa kang wis dilakoni. Mahendra aweh pangapura marang Atikah lan ngajak Atikah kanggo ndandani bale wismane amrih dadi luwih apik maneh.

Saka andharan ngenani perangan alur ing dhuwur bisa diawas yen alur maju kang disuguhake dening Ardini mujudake alur maju kang ora kaku. Kanthi kaprigelane ngolah basa kang komunikatif, dheweke bisa

ngasilake karya kang ora mboseni. Dheweke uga kasil nuwuhake *suspense* ing dhiri pribadine pamaca saengga pamaca ketarik kanggo ngrampungake critane.

### Paraga Protagonis Nyebal saka Pakem

Paraga kang dadi punjere crita ing kene yaiku Atikah. Adhedhasar fungsine kanggo nggerakake ploting crita, Atikah mujudake paraga utama amarga dheweke kerep dimunculake. Dene miturut fungsi *penampilan* paraga, Atikah kalebu paraga protagonis. Dadi Atikah bisa diarani paraga utama protagonis. Umume, paraga protagonis sajroning crita nduweni watak kang becik, nanging ora mangkono kang tinemu sajroning cerbunge Ardini iki. Paraga protagonis ing cerbung iki kagambarake nduweni pakarti kang kurang becik. Sipat kurang becike mau contone yaiku ora sabar.

... Nanging sawise nunggu sepuluh taun, anak kuwi tetep durung ana. Satemene Mahendra isih sabar ngenteni. Nanging Atikah sing rumangsa wis ora kanti.

(Rembulan Wungu edhisi 1, DL-42/2011)

Jalaran Atikah durung nduwe anak, dheweke dadi gampang ngluputake liyan. Dheweke nduweni panyakrabawa kang ora becik marang Mahendra. Dheweke ngira yen Mahendra gabug, ora bisa aweh keturunan. Anane panyakrabawa kaya mangkono nyebabake Atikah ora bisa mikir adoh.

Atikah ora perlu mikir suwe kanggo ngleksanakake sarane Tante Lisa. Pepenginane kanggo duwe anak wis notol banget ora bisa disemayani. Apa maneh ketambahan tilpun saka adhine ragil sing ngabarake yen mentas nglairake. Kamangka anggone dadi manten durung suwe. Durung genep rong taun anake wis mrojol loro. Kuwi saya nambahi keyakinane Atikah yen bojone pancep mandhul.

(Rembulan Wungu edhisi 5, DL-46/2011)

Saliyane mujudake paraga kang ora sabar, Atikah uga paraga sing ora bisa mikir adoh utawa cekak nalare. Dheweke ora mikir adoh nalika arep tumindak. Ing pikirané, sing penting dheweke bisa nduwe anak. Dheweke nganggep yen wis ana anak, perkara kang ditandhang bisa rampung. Ora bakal ana maneh protes saka mara tuwane, Mahendra uga bakal luwih tresna marang dheweke, lan dheweke bisa mbuktekake yen bisa ngandhut. Nyatane, sakabehing pamikire Atikah mau kliru. Atikah malah ngalami konflik-konflik psikologis amarga saka tumindake kang ora pener mau.

### Kelir: Nggambarake Kahanan kang Nyata

Kelir panggonan dumadine crita sajroning cerbung "Rembulan Wungu" iki yaiku ing kutha

Yogya.Gegambarane kutha Yogya banjur luwih dicethakake dening sawenehing panggonan kang mapan ing kutha mau. Panggonan mau contone yaiku prakteke Dhokter Harna, restoran *sea food*, butike Atikah, omahe Atikah lan Mahendra, villa, *mall*, resto kemuning, papan kanggo senam kebugaran, lan liya-liyane.

Wektu kang dibutuhake sajroning cerbung “Rembulan Wungu” saka kawitan tumekane pungkasan kira-kira antarane sepuluh nganti sewelas taun.Iki mratandihi yen kelir wektu sajroning cerbung iki dinamis.Wektu kang dikarepake ing kene yaiku wektu dumadine sakehing kedadeyan sajroning cerbung iki.Sasuwene wektu kuwi, crita sajroning cerbung iki nggunakake kelir wektu kang beda-beda. Upamane, ana sing nggunakake setengah taun, wengi-wengi, setengah dhetik, sangang taun, rong minggu, lan liya-liyane.

Kelir panggonan lan kelir wektu sajroning cerbung “Rembulan Wungu” nggamarake kahanan kang nyata. Sakabehing kelir-kelir mau ana sajroning kanyatan. Kantore Mahendra, butike Atikah, rumah makan *sea food*, prakteke dhokter, mujudake papan panggonan kang lumrah ana ing kanyatan. Semono uga karo kelir wektune.

### Cerbung Realis

Cerbung “Rembulan Wungu” iki kalebu faksi realis. Faksi realis mujudake faksi kang nyritakake gegambaraning donya saiki kanthi sakabehing kahanan lan kanyatan kang diduweni.

Ing cerbung “Rembulan Wungu” iki, Ardini ngangkat crita kang dilarasake karo kanyatan kang ana ing jaman saiki, yaiku perkara wong sesomahan kang durung nduwe anak. Perkara kasebut lumrah dumadi sajroning kanyatan lan akeh dialami dening wong kang wis mangun bale wisma. Perkara kang diangkat mau banjur dilakokake kanthi anane para paraga kang uga kaya manungsa lumrah ing jaman saiki. Manungsa kang ora sabar, manungsa kang wicaksana, manungsa kang gampang kena godha, lan liya-liyane. Kabeuh sipate manungsa mau mujudake sipat saka gegambarane manungsa ing kanyatane jaman saiki. Kelir panggonan, kelir wektu kang nggamarake kahanan kang nyata uga bisa dadi titikane faksi realis.

### Konflik Psikologis Paraga Utama

Carane ngandharake konflik psikologis kang dialami dening paraga utama sajroning cerbung “Rembulan Wungu” iki yaiku kanthi cara merang andharan mau dadi limang perangan. Konflik mujudake perangan saka unsur intristik alur kang nuduhake anane sesambungan sebab akibat antarane kedadeyan siji karo kedadeyan liyane. Limang perangan kang bakal

diandharake ing kene nduweni sesambungan kaya kang dikarepake mau.

### Naluri Kepengin Nduwe Anak

Paraga kang dadi punjere crita sajroning cerbung “Rembulan Wungu” yaiku paraga Atikah. Minangka paraga utama, Atikah nduweni kalungguhan kang wigati..Sajroning wektu meh sepuluh taun iku, ora ana kendhat-kendhate Atikah kanggo ngenteni tekane anak amrih bisa ngregengake bale wismane.

Mbukak lawang kamare, Atikah ngrasakake anane perasaan aneh sing nlusup ngremet-ngremet dhadhane. Sepi... kosong... utawa embuh ah.Pokoke rasane ora kepenak. O... saumpama ana anak mbokmanawa ora bakal kaya ngene iki, batine Atikah karo jumangkah mlebu. Tase diuncalake ngono wae ing ndhuwur peturon, mangkono uga shall sing kango mblebet gulune, disebrot kanthi kasar lan diuncalake ing sacredhake tas. Ora dibalekake ing papane sakawit.Dheweke banjur lungguh ungkang-ungkang ing pinggir dhipan madhep menyang arah lawang.Angeng-angene tumlawung adoh. Sing dipikirake ora ana liya kejaba anak....

(Rembulan Wungu edhisi 2, DL-43/2011)

Kang njalari Atikah ngalami konflik psikologis ora liya iya amarga perkara anak. Atikah durung ngrasa sampurna yen durung bisa nglairake anak. Konflik psikologis kang dialami dening Atikah mau saliyane disebabake nalurine minangka wong wadon, uga disebabake saka sanjabaning awake, yaiku mara tuwane. Mara tuwane Atikah wiwit cawe-cawe ngrembug perkara putu kang durung diduweni Atikah lan Mahendra.

Nalurine Atikah kanggo nduweni anak sajroning bale wismane iku mujudake naluri kang lumrah dirasakake dening wong wadon. Naluri kasebut asale saka struktur kapribaden *id*. Tujuwan saka struktur kapribaden *id* yaiku kanggo nggayuh kasenengan. Atikah ing kene durung bisa nggayuh kasenengane amarga durung ana anak sajroning bale wismane. Pepenginan kang asale saka struktur kapribaden *id* mau sajroning wektu meh sepuluh taun durung bisa diwujudake dening struktur kapribaden *ego*. Cetha ing kene dumadi konflik antarane struktur kapribaden *id* lan *ego* kang tugase maujudake pepenginan saka *id*, *ego* Atikah banjur nuntun Atikah supaya nglakoni pambudidaya amrih dheweke bisa ngandhut. Egone Atikah kang mahanani dheweke nggoleki cara amrih bisa ngandhut.

... Mula dheweke tansah ngoyak-oay supaya sing lanang gelem dijak menyang dhokter, kanggo mangerteni sapa sejatine ing antarane kekarone sing “bermasalah”. Nanging Mahendra

tansah semaya, semaya lan semaya terusss. Nganti pungkasane Atikah setengah meksa ngajak sing lanang menyang dhokter ahli kandhungan. Sawise nglakoni serentetan tes, sing cukup nguras wektu lan tenaga, asile pranyata...

(Rembulan Wungu edhis 2, DL-43/2011)

Page | 7

Atikah nglakoni pambudidaya kanthi cara priksa menyang dhokter. *Egone* Atikah nglakoni tugase amrih bisa maujudake pepenginan saka struktur kapribaden *id*. Wujud saka struktur kapribaden *ego* mau katitik saka pangoyake Atikah marang Mahendra supaya gelem dijak priksa menyang dhokter. *Ego* mau nyoba ngatasi *tekanankang* gedhe banget saka *id*. Sawise nglakoni papriksan kasebut, jebule Mahendra kang nduweni masalah. Ana *penyumbatan* ing saluran spermane Mahendra. Mahendra kudu nglakoni oprasi kanggo nyudhet saluran spermane. Nanging sawise nglakoni oprasi kang dijumurungake dening dhokter, nyatane Atikah uga durung bisa ngandhut.

### Gampang Ngluputake Liyan

Setengah taun sawise nglakoni oprasi kanggo nyudhet saluran spermane Mahendra, nyatane Atikah isih durung bisa nduwe anak. Pangarep-arepe Atikah amrih nduwe anak sawise Mahendra nglakoni oprasi kasebut wis musna. Dheweke wis ora bisa sabar maneh. Rasa ora sabare mau banjur mahanani dheweke nduweni panduga kang neka-neka marang Mahendra.

"Gek-gek wijine Mas Mahendra pance gabug, saengga ora bisa ngasilake woh.Dheweke ora bisa aweh turun marang aku.Yen saka pihakku jelas ora.Dhokter ngandharake manawa kandhutanku cukup subur, ora ana masalah kanggo tuwuhe wiji.Lan kuwi ora mung dhokter siji thok sing kandha. Wis dhokter telu sing tak tekani, kabeh analisane padha. Kurang luwihe kaya iku.Nanging geneya tekan seprene aku kok tetep durung bisa ngandhег?" batine Atikah goreh.

(Rembulan Wungu edhis 3, DL-44/2011)

Atikah nduga yen Mahendra gabug amarga Atikah nganggep yen saka pihake subur. Ing kahanan kang kaya mangkene, Atikah dadi gampang anggone ngluputake wong liya. Atikah ngluputake Mahendra amarga durung bisa nurunake anak marang dheweke. Nanging anggone ngluputake wong liya mau mung ana sajroning batine Atikah, ora tau kawetu langsung ing sangarepe Mahendra. Ing kahanan iki, konflik psikologis kang dialami dening Atikah dumadi antarane struktur kapribaden *idlanego*.

*Id* kang diduweni Atikah arupa pepenginan kanggo nduweni anak nyatane wis ngalahake sakabehe. Pepenginane kanggo nduweni anak mau ora kalarasake karo kanyatan kang ditengenake dening *ego*.*Id* sajroning

dhirine Atikah ngupaya amrih bisa mikolehi kasenengan lan ngendhani bab-bab kang agawe ora seneng. Pancen sasuwene wektu setengah taun sawise Mahendra nglakoni oprasi kanggo nyudhet *penyumbatan* saluran spermane, Mahendra durung bisa aweh turun marang Atikah. Nanging kudu dieling-eling yen sadurunge nglakoni oprasi, Dhokter Harna wis kandha yen Mahendra lan Atikah mono mujudake pasangan kang subur.

"... Nanging uwal saka bab kuwi panjenengan sakloron kalebu pasangan sing subur. Ora ana masalah. Masalahe ya kaya sing takaturake kuwi mau."

(Rembulan Wungu edhis 3, DL-44/2011)

Sadurunge ditindakake oprasi kanggo nyudhet saluran spermane Mahendra, Dhokter Harna wis kandha yen Mahendra lan Atikah iku mujudake pasangan sing subur. Dhokter Harna ora tau omong yen Mahendra gabug. Nanging omongane Dhokter iku ora dipercaya maneh dening Atikah nalika dheweke meruhi kanyatane Mahendra durung bisa nggawe dheweke ngandhut. Pepenginane Atikah kanggo nduweni anak lan masalah *penyumbatan* sperma kang dialami dening Mahendra wis ngalahake sakabehing kanyatan kang wis diwedhar dening Dhokter Harna kasebut.

### Gampang Kena Godha

Konflik psikologis kang dialami dening Atikah saya suwe saya ngrembaka. Nganti ing sawijining dina, dheweke kepethuk tante Lisa, saweneh pelanggan ing butike. Ngenani masalah kang diadhepi Atikah, tante Lisa njumurungake supaya Atikah golek wong lanang bayaran kanggo nanem wiji ing kandhutane Atikah. Atikah kegodha dening panjurunge tante Lisa. Atikah bakal nglakoni apa wae supaya bisa ngandhut, kalebu nglakoni tumindak sedheng karo wong lanang liya.

Atikah ora perlu mikir suwe kanggo ngleksanakake sarane Tante Lisa. Pepenginane kanggo duwe anak wis notol banget ora bisa disemayani....

Sawijining dina, nalika Mahendra ana urusan menyang luar kota, Atikah migunakake kesempatan iku. Dheweke nekani alamat sing diwenehake dening Tante Lisa.

(Rembulan Wungu edhis 5, DL-46/2011)

Atikah milih wektu kang pas kanggo nggoleki wong lanang kaya sing dicritakake dening tante Lisa. Dheweke nekani sawenehing alamat nalika Mahendra lunga menyang njaba kutha. Sawise teka ing alamat kasebut, Atikah ketemu Erik, wong lanang kaya kang dicritakake dening tante Lisa. Sadurunge netepake Erik minangka wong lanang kang bakal aweh wiji ing

kandhutane, dheweke luwih dhisik nenimbang kriteria kang diduweni dening Erik.

Saka tumindake Atikah kang milih wektu nalika arep nemoni Erik lan nenimbang kriteria kang diduweni dening Erik nuduhake yen dumadi konflik antarane struktur kapribaden *ego* lan *superego*. *Ego* kang mujudake struktur kapribaden kang makarya adhedhasar prinsip kanyatan, ing kene cengkah karo *superego* kang luwih nengenake prinsip moral. *Egone* Atikah ndayani Atikah golek wektu kang pas kanggo nemoni wong lanang kang bisa akeh wiji ing kandhutane. Dheweke ora angger anggone milih wektu kasebut, kalarasake karo kanyatan kang ana. Dheweke milih wektu nalika Mahendra lunga sanjabaning kuthane. Yen Mahendra lunga menyang njaba kutha, iku ateges anggone Atikah nemoni wong lanang bisa luwih longgar, beda nalika Mahendra mung kerja ing kantore. Saliyane nenimbang perkara wektu, dheweke uga nenimbang wong lanang kang bakal akeh turun marang dheweke.

Saka pikiran Atikah ing dhuwur, wis mratandhani yen *id* kang diduweni dening Atikah mlaku kanthi laras karo struktur kapribaden *ego*. Dheweke wis nenimbang luwih dhisik kanggo nuruti pepenginan saka *id*. Mung wae, ing kene, *ego* kasebut ora laras karo struktur kapribaden *superego*. Kanggo nuruti karepe Atikah, antarane kanyatan kang wis dipikirake dening Atikah mau ora dilarasake karo tumindak kang pener. Tumindake Atikah kang nemoni wong lanang nalika bojone lunga menyang kutha liya iku mujudake tumindak kang ora laras karo sistem moral kang lumaku sajroning masarakat.

Ora dinyana-nyana, tumindake Atikah kang mung sepisan iku nglakoni sesambungan bebojoan karo wong liya kasil ndadekake dheweke ngandhut. Atikah klakon nuruti pepenginane kanggo nduweni anak. Dheweke seneng amarga kasil ngandhut, nanging dheweke uga sedhiih amarga rasa sedhiih amarga bayi kang dikandhut iku dudu bayine Mahendra kamangka Mahendra weruhe bayi iku anake.

Sajroning dhiri pribadine Atikah, dumadi maneh konflik antarane struktur kapribaden *egolansuperego*. *Ego* kang tugase maujudake pepenginane *id*, ing kene wis kasil nglakoni tugase. *Egone* Atikah wis kasil nuruti pepenginane Atikah kanggo nduweni anak. *Ego* kang wis kasil kasebut banjur ngalami konflik karo *superego*. Konflik iku katitik saka rasa sedhiih kang dirasakake dening Atikah. Lumrahe, yen pepenginane klakon, manungsa bakal seneng, ora sedhiih. Mung wae ing kene amarga dilaraskake karo kanyatane Atikah kang kudu nyidrani bojone kanggo mikolehi anak kasebut, wis ndadekake Atikah sedhiih. *Superegone* Atikah weruh yen sejatiné apa kang dilakoni iku kliru, nanging sepisan maneh kanggo ngatasi rasa salah kasebut, Atikah nyoba

mbenerake tumindake. Saliyane mbenerake tumindake, dheweke uga nyalahake Mahendra. Dheweke saya yakin yen Mahendra iku gabug, ora bisa akeh keturunan. Pikiran kang kaya mangkene iki kang bisa ngayem-ayemi batine Atikah.

### Getun Tumiba Mburi

Sawise nunggu kandhutane, wekasane Atikah nglairake anake. Anak asil saka tumindak sedhenge karo Erik. Atikah kasil nglairake bayi lanang kang sehat kang banjur dijenengi Gilar Mahentika. Sawise nglairake Gilar, Atikah terus mbayangake kasenengan kang bakal dipikolehi. Rasa seneng kang diarepake dening Atikah banjur dadi susah amarga saka omongane mara tuwane dhewe. Mara tuwane ngomong yen Mahendra lan Gilar iku mirip kamangka Atikah weruh yen sejatiné Gilar iku dudu anake Mahendra. Bab iku njalari tuwuhe rasa salah ing dhiri pribadine Atikah.

"Kuwi persis kaya papahé biyen,"  
kandhane ibu maratuwane.

Atine Atikah rasane kaya dicubles domkrungu kandhane maratuwane iku...

(Rembulan Wungu edisi 9, DL-50/2011)

Ati nuranine tansah brontak. Ora bisa nampa tumindake kang wis ngapusi wong-wong kinasihe iku. Dadine Atikah rumangsa kaya dioyak-oyak rasa dosa lan salah.

(Rembulan Wungu edisi 9, DL-50/2011)

Mara tuwane Atikah ngrasa seneng banget amarga klakon nduwe putu saka Atikah. Bab iku katitik saka kawigatene mara tuwane Atikah kang gedhe banget marang Gilar. Mara tuwane mau ora meruhi yen sejatiné Gilar dudu anake Mahendra. Atikah ora mung nyidrani bale somahe karo Mahendra, nanging uga ngapusi mara tuwane. Apa kang dirasakake dening Atikah iki amarga dumadi konflik psikologis sajroning struktur kapribadene. Konflik iku dumadi antarane struktur kapribaden *egolansuperego*. *Superegone* Atikah wiwit nyadhari rasa salah senajan rasa salah iku durung katon negela, mung ana ing pikiran Atikah. Pangakune rasa salah iku durung diwujudake ing kanyatan.

Sejatiné Atikah wis ngertené yen apa kang dilakoni karo Erik iku mujudake tumindak sing kliru. Dheweke kepengin jujur marang Mahendra nanging ora nduweni kuwanan. Atikah wiwit nggetuni sakabehing lelakone karo Erik. Dheweke wis nyadhari yen kudune ora nglakoni tumindak kebacut karo Erik. Tumindak kang ora becik bakal ngasilake bab kang ora becik uga. Kahanane Gilar kang kaya bocah idhiot, dianggep minangka paukuman saka Pangeran. Dumadi maneh konflik psikologis antarane struktur kapribaden *egolansuperego*.

Superegone Atikah wiwit nyadhari tumrap sakabehing salah kang dilakoni karo Erik. Dheweke wis sadhar yen nglakoni sesambungan bebojoan karo wong lanang liya iku kanthi alasan apa wae mujudake tumindak sing luput. Atikah sadhar yen luput, nanging *egone* Atikah uga nyadhari sakabehing akibat yen dheweke nganti jujur marang Mahendra. Ing trap-trapan crita iki, *egone* Atikah luwih menang tiniimbang superegone. Superegone wis wiwit lumaku kanthi laras nanging durung diwujudake dening *ego*. Atikah durung bisa jujur marang bojone. Dina saya dina, dheweke wiwit bisa ngatasi rasa salah kang dirasakake. Arepa dikaya ngapa, sakabehing kedaden iku wis dumadi, ora bisa dibaleni maneh. Dheweke mung bisa ngowahi tumindake kanggo nebus salahe ing wingi uni. Dheweke niyat nggulawenthah Gilar kanthi cara kang becik lan bakal nampa kahanane Gilar. Rasa salah lan getun muncul maneh nalika Atikah bisa ngandhut saka wijine Mahendra.

"Geneya biyen aku kok ora gelem sabar? Geneya aku kok grusa-grusu njupuk keputusan edan, nampa winih saka priya liya? Pranyata apa sing dikandhakake dhokter, sing dikandhakake bojoku, kabeh bener. Ing titi wancine aku bakal bisa duwe anak. Anakku saka bojoku dhewe. Anak saka priya sing banget tak tresnani ing salumahe bumi iki. Saiki kabeh wis kabukti," batine Atikah.getune ora ilok-ilok. ....

(Rembulan Wungu edhis 10, DL-51/2011)

Atikah getun banget amarga pandakwane marang Mahendra kliru.Sadurunge, dheweke ndakwa Mahendra gabug, ora bisa aweh wiji marang dheweke.Nyatane, pandakwa kasebut kliru. Dheweke bisa ngandhut saka wijine Mahendra, kamangka dheweke luwih dhisik wis tau ngandhut saka wijine wong lanang liya. Getun pancee manggone ing mburi.Manawa dheweke luwih sabar, dheweke ora bakal nemoni perkara kang kaya mangkono. Manawa dheweke percaya marang apa kang dikandhakake dening dhokter lan bojone, dheweke ora bakal getun kaya saiki.

### Rasa Salah kang Terus Dipendhem sajroning Ati

Rasa getun kang dirasakake dening Atikah ora bisa uwat saka rasa salah kung dipendhem sajroning atine. Beda karo sadurunge, Atikah wis ora nyalahake Mahendra maneh. Dheweke sadhar yen Mahendra ora salah, dheweke sing salah. Dheweke nyalahake awake dheweke tumrap lelakone karo Erik. Nanging kabeh kuwi wis kebacut. Lelakone kung biyen wis ora bisa dibaleni maneh.

.... Atikah saya rumangsa salah.Nanging kepriye maneh? Kabeh wis kebacut, Ora ana pilihan liya kanggone Atikah kejaba njaga kandhutane iku supaya bayine tuwuh sehat...

(Rembulan Wungu edhis 10, DL-51/2011)

Atikah nyadhari yen dheweke salah. Dheweke ngalami bab kung agawe atine ora seneng maneh. Sadurunge dheweke bisa nyalahake wong liya, nanging saiki wis ora ana sing disalahake kejaba awake dhewe. Konflik kasebut dumadi ing antarane struktur kapribaden *egolansuperego*. Superegone Atikah wis meruhi, wis sadhar yen apa kung dilakoni sasuwene iku mujudake dosa. Apa kung dilakoni karo Erik kung pungkasane ngasilake Gilar isih tetep didhelikake dening Atikah marang Mahendra. Iki ateges yen *superego* mau ora kalarasake karo prinsipe *ego*.Atikah durung bisa maujudake superegone sajroning kanyatan.

Dina-dina sabanjure, Atikah ora bisa maneh ndhelikake rasa gorehe ing ngarepe anak lan bojone. Anane Gilar sajroning bale somahe kaya eri sajroning daginge. Atikah saya wedi wadine kawiyak nalika ketemu karo Erik ing *mall*.Atikah ketemu karo Erik nalika anak-anake padha milih dolanan. Dheweke wedi yen Erik kandha marang Mahendra ngenani Gilar. Ing nalika iku, Erik meruhi Gilar.Dheweke weruh yen Gilar iku anake.Nalika Erik pengin ngelus anake, Atikah ora mikolehi. Atikah ora pengin wadine karo Erik kawiyak lumantar Gilar. Ing kahanan kaya mangkene, struktur kapribaden *ego* lan *superegosajroning* dhiri pribadine Atikah ing kene panggah isih cengkah.

*Egone* Atikah ngerteni yen nganti Gilar cecaketan karo Erik, bakal nuwuake bab kung ora apik tumrape Atikah. Kanyatane Erik iku bapake Gilar.Arepa dikaya ngapa, Erik nduweni hak tumrap Gilar.Iki kung disadhari dening superegone Atikah.Ananging kung disadhari dening *superego* mau duwung kawujud ing kanyatan.*Egone* Atikah isih panggah menang. Kedaden ing *mall* iku wis ndadekake Atikah wedi, goreh, kuwatir, sakabehing rasa campur dadi siji. Bab iku ndadekake Atikah ngalami konflik psikologis kung paling *hebat*.

Atikah wis ora kuwat nyimpen rasa kung tansah dipendhem sajroning atine. Rasa salah lan dosa kung terus dipendhem iku ndadekake Atikah nandhang lara. Larane dudu lara sing lumrah, nanging lara amarga faktor psikis. Dheweke wekasane wani mbukak wadinelan ngakoni dosane. Wekasane superegone Atikah sing menang. Dheweke wis nyadhari lupute marang Mahendra. Dheweke kasil mujudake *superego* mau ing kanyatan. Ing kene, wis dumadi kalarasan antarane struktur kapribaden *ego* lan *superego*. Atikah bisa mungkasi sakehing konflik psikologis sajroning dhiri pribadine kanthi cara ngakoni kasalahane mau lan njaluk seputra marang Mahendra. Mahendra kanthi sipat wicaksanane, aweh seputra marang Atikah lan njumurungake supaya Atikah nduwe semangat urip maneh amrih bisa ndandani kulawargane dadi luwih apik.

Konflik psikologis sajroning dhiri pribadine Atikah ing crita iki wekasane bisa dipungkasi kanthi seneng.

### Jati Dhirine Cerbung “Rembulan Wungu”

Jati dhirine cerbung “Rembulan Wungu” diandharake ing kene amarga amrih bisa diweruhi yen sawijining karya iku riniputra ora mung kanggo nggayuh aspek estetis, ananging uga ekstra estetis. Ardini ngripta karyane iki ora mung kanggo nggayuh aspek kaendahan kang bisa nglelipur pamacane ananging uga ngemu piwulang moral kang bisa dadi kaca benggala tumrap pamacane.

### Cerbung “Rembulan Wungu” minangka Sastra Hiburan

Minangka sastra hiburan, cerbung “Rembulan Wungu” ngangkat perkara kang *ringan*. Perkarane yaiku perkara kang dumadi sajroning bale wisma. Perkara kasebut dicritakake nggunakake basa Jawa jaman saiki kang gampang dingerten dening pamacane. Pamaca mung cukup maca sepisan kanggo ngerten isine cerbung iki. Pamaca ora perlu muter utege kanggo ngerten basa lan crita kang disuguhake dening Ardini. Iki laras karo titikane sastra hiburan.

Struktur crita sajroning cerbung “Rembulan Wungu” mujudake struktur kang asipat konvensional utawa sing wis umum, beda karo novel serius. Struktur kang asipat konvensional kasebut kalarasake karo tujuwan saka sastra hiburan kang nggayuh pamaca saakeh-akehe. Amrih crita kasebut gampang dipahami dening pamacane, alur kang digunakake dening Ardini mujudake alur kang biasa utawa lumrah, yaiku alur maju. Alur kasebut lumaku saka perangan tetepungan, konflik, klimaks, lan ending. Kedadeyan-kedadeyan sajroning cerbung iki lumaku kanthi lancar sajroning rerangken *suspense* kang tansaya suwe tansaya nyedhaki klimakse. Ardini kasil nuwuahake rasa kepengin weruh ing dhiri pribadine pamaca kanggo nerusake critane tumekaning pungkasan. Yen katitik saka paragane, pengarang wis ngandharake titikane paraga saka kawitan.

.... Atikah dikurung ing njero omah, yen metu tansah dikawal utawa diawasi. Mahendra uga dilarang ngidakake sikile ing omahe wong tuwane Atikah.

Larangan iku mahanani Atikah dadi lara. Larane cukup nemen. Nganti mlebu rumah sakit. Nanging anehe dhokter ora bisa nemokake penyakite. Miturut keterangan dhokter, penyakite Atikah merga psikis. Lan Atikah mbaka sethithik bali sehat sawise Mahendra diolehi nemoni.....

(Rembulan Wungu edhisi 1, DL-42/2011)

Saka perangan kawitane crita, yaiku cerbung “Rembulan Wungu” edhisi 1, Ardini wis nuduhake yen

Atikah mujudake pawongan kang gampang kena masalah psikologis. Amarga dipenging rabi karo Mahendra, Atikah ngalami lara kang nganeh-anehi. Larane amarga faktor psikologis. Yen Atikah ing crita sabanjure ngalami konflik-konflik psikologis sajroning dhiri pribadine, iku wis ora mujudake bab kang anyar maneh. Yen ing perangan mburi Atikah ngalami lara amarga konflik psikologis kang dialami, sejatiné iku wis ora ngagetake pamaca maneh. Dadi cetha yen gegambarane paraga ing kene wis diterangake saka kawitaning crita.

Purwaning crita kang dipungkasi kanthi kahanan bagya mulya utawa *happy ending* uga bisa dadi titikan saka sastra hiburan. Sastra hiburan kang asipat nglipur pamacane, bakal nyuguhanke bab kang agawe pamacane marem. Kanthi anane pungkasane crita kang bagya mulya, pamaca bakal ngrasa marem lan ora kuciwa amarga laras karo pangangen-angene. Dheweke ngrasa bisa oleh hiburan saka crita kasebut. Senajan cerbung “Rembulan Wungu” mujudake sastra hiburan, cerbung iki uga ngemu piwulang moral kang ditujokake marang pamacane.

### Piwulang Moral kang Sumirat sajroning Cerbung “Rembulan Wungu”

Sawijining karya sastra karipta kanthi tujuwan kanggo medhar pamikir lan pamawase pengarang ngenani panguripane manungsa. Saka tujuwan kang kaya mangkono, pamaca sajroning proses maca karya sastra, ora mung mikolehi hiburan, nanging uga bisa ndhudhah piwulang ngenani panguripane manungsa karo sakabehing masalahe. Piwulang kang diwedhar lumantar karya sastra tansah ana sesambungane karo prinsip moral, kang ngrembug ngenani becik lan orane sipat lan tumindake manungsa. Ing cerbung “Rembulan Wungu” iki, Ardini uga menehi piwulang marang pamacane kanthi cara sumirat. Piwulang kasebut kajlentrehake ing ngoror iki:

### Sabar Ian Sumarah marang Pangeran

Tembung sabar manut bausastra nduwensi teges sareh enggone nandhang, ngarep-arep lsp utawa ora cepak nepsune (Poerwadarminta, 1939:1667). Saka teges iku mau bisa diweruhi yen sabar mono ora mung mujudake sipayat kang ora gampang nesu, nanging uga sareh sajroning nandhang utawa ngarep-arep samubarang. Dene tembung sumarah nduwensi teges pasrah utawa manut miturut (Poerwadarminta, 1939:1783). Pasrah ing kene ora ateges pasrah kang tanpa upaya. Asiling upaya kang wis dilakoni dening manungsa diserahake marang Pangeran kang nggawe urip. Iki laras karo pititure Mahendra marang Atikah.

“Mama sing sabar lan nyoba pasrah marang Gusti Allah. Sapa ngerti kanthi kepasrahan iku awake dhewe malah enggal diparingi momongan. Sasuwene iki Mama kurang bisa pasrah, ta?”

“Percaya sawutuhe marang Gusti Allah manawa kabeh kang gumelar iki PanjenenganE kag ngatur. Kalebu nasipe manungsa uga ginegem ing astaNe. Mesthi wae manungsa tetep diwajibake kanggo mbudidaya, nanging soal asile, kuwi urusane Gusti Allah. Kuwi jenenge pasrah. Awake dhewe wis mbudidaya..”

(Rembulan Wungu edhisi 3, DL-44/2011)

Ing cerbung “Rembulan Wungu” Ardini menehi gegambaraning paraga Atikah kang ora nduweni sipat sabar lan sumarah marang Pangeran. Sewalike, paraga Mahendra minangka guru lakine Atikah, tansah menehi pititur marang Atikah supaya bisa masrahake nasibe marang Gusti.

Akibat saka tumindake kang ora bisa sabar lan sumarah marang Pangeran, ing wekasanae njalari Atikah nemoni perkara ruwet. Perkara kang disebabake dening polah tingkahe kang kliru. Ing kanyatane, sawise nampa wiji saka wong lanang liya, Atikah bisa ngandhut saka wijine Mahendra. Iki kang nyebabake Atikah nyadhari yen apa kang dikandhakake dening Mahendra sasuwene iki kabeh bener.

### Ngakoni lan Nggetuni Pakarti Ala

Minangka titah Gusti kang paling sampurna, manungsa kanugrahan akal pikiran lan rasa pangrasa. Apa kang dilakoni dening manungsa didhasarake marang akal lan rasa pangrasane mau. Tumindak mau bisa tumindak becik, bisa uga tumindak ala. Tumindak becik kaprabawan saka akal pikiran kang becik, semono uga sewalike.

Wis lumrah yen manungsa urip iku tau nglakoni pakarti ala. Yen wis nglakoni tumindak ala, kudune manungsa bisa ngakoni lan nggetuni tumindak lupiter mau sarta ngowahi supaya akibat saka tumindak lupiter mau bisa dandani. Sajroning cerbung “Rembulan Wungu” paraga kang nduweni lupiter paling gedhe digambarake lumantar paraga Atikah. Atikah kang wis nyidrani bale wismane, ngrasa lupiter. Lupiter marang Mahendra, uga marang Guctose.

... Atikah uga bali menyang ruang kerjane. Ora kerja, nanging malah dheleg-dheleg. Nglamun! Apa sing dikandhakake Gilar nalika bali sekolah mau kaya-kaya tansah dumeling ing kupinge.

“Ma, wong ki yen salah bakal mlebu nraka ya, Ma....”

(Rembulan Wungu edhisi 10, DL-51/2011)

Atikah wiwit nyadhari yen lupiter kang dilakoni sasuwene iki ora mung lupiter marang Mahendra, nanging uga marang Pangeran. Nglakoni sesambungan karo wong lanang liya iku mujudake tumindak kang ora laras karo pranatan agamane. Dheweke nyadhari lupiter, nanging ora nduwe kuwanen kanggo ngakoni lupiter kasebut marang Mahendra.

### Sugih Pangapura

Manungsa minangka makhluk sosial ora bisa urip tanpa anane manungsa liyane. Wis mesthi yen sajroning urip bebarengan, ana lupiter kang dilakoni dening manungsa marang sapepadhane. Lupiter iku mujudake perkara sing lumrah. Manungsa iku ora ana kang ora nduweni lupiter. Manungsa kang apik iku manungsa kang jembar segarane utawa sugih pangapura.

Ardini menehi piwulang arupa sipat sugih pangapura amarga dheweke kepengin nuduhake wekasane manungsa kang tansah aweh seputra marang wong liya. Wong sing sugih pangapura bakal ayem tentrem uripe, ora ana rasa dhendham jroning atine.

Ardini kepengin menehi gegambaraning becike paraga kang sugih pangapura, yaiku Mahendra. Wong lanang kang wis dicidrani dening bojone nanging tetep nampa bojone kanthi apik, arang banget ana sajroning kanyatan.. Senajan ing cerbung iki Atikah wis nglakoni tumindak ngiwa karo Erik, Mahendra tansah aweh seputra marang bojone iku.

“Kena apa kok ndadak isin? Aku bojomu, senajan dikaya ngapa sliramu tetep sigaraning nyawaku. Saben wong bisa duwe kesalahan. Saben wong bisa tumindak salah. Aku ora tau nyalahake sliramu apa dene kancaku. Tak anggep kabeh iki ujian saka Gusti Kang Maha Agung. Ujian sing kudu tak liwati. Ayo kita bebarengan nyenyuwun marang Gusti Kang Maha Agung murih langkah kita mengarep nir ing sambekala,” Mahendra nggegem kenceng tangane sing wadon, digawa ing dhadhane.

(Rembulan Wungu edhisi 3, DL-44/2011)

Mahendra tansah aweh seputra marang sakabehing lupiter Atikah. Dheweke bisa mangerten ikena apa bojone tumindak kaya mangkono. Tresnane Mahendra marang Atikah wis ngalahake sakabehe. Ardini kepengin nuduhake yen manungsa senajan ta nduweni dosa kang gedhe banget iku isih nduweni *kesempatan* kanggo tobat lan antuk pangapura saka wong liya, uga Guctose.

### PANUTUP

#### Dudutan

Cerbung “Rembulan Wungu” mujudake cerbung realis. Karan realis amarga cerbung iki nyritakake gegambaraning donya saiki kanthi sakabehing kahanan lan kanyatan kang diduwensi. Tema kang diangkat arupa

wong sesomahan durung nduwe anak mujudake crita kang lumrah dumadi sajroning kanyatan. Perkarane wong sesomahan mau karacut kanthi alur maju kang sipate ora kaku. Atikah mujudake paraga protagonis kang nyebal saka pakem amarga saka sipat alone. Manungsa kang ora sabar, manungsa kang wicaksana, manungsa kang gampang kena godha, lan liya-liyane. Kabeuh sipate manungsa mau mujudake sipat saka gegambarane manungsa ing kanyatane jaman saiki. Kelir panggonan, kelir wektu kang nggamarake kahanan kang nyata uga bisa dadi titikane fiksi realis.

Tintangan ngenani konflik psikologis paraga utama sajroning cerbung “Rembulan Wungu” ngasilake andharan yen nalurine Atikah kang kepengin nduwe anak mujudake naluri kang asale saka struktur kapribaden *id*. Pepenginan mau sabanjure terus menehi *tekanan* marang *ego* supaya bisa maujudake pepenginan mau. *Ego* kang nyoba maujudake pepenginanane *id* mau ndadekake Atikah gampang ngluputake bojone, yaiku Mahendra. Atikah nyalahake Mahendra tumrap lelakone kang wis suwe durung nduwe anak. Atikah dadi gampang kena godhane tante Lisa. Tante Lisa njumurungake supaya Atikah nyewa wong lanang amrih bisa nandur wiji ing kandhutane Atikah. Atikah kang wis dikuwasani dening pepenginanane saka *id* banjur nglakoni panjurunge Tante Lisa.

Laku ngiwa kang dilakoni dening Atikah mujudake tumindak kang cengkah karo struktur kapribaden *superego* kang nengenake aspek moral. *Superegone* Atikah wiwit nyadhari yen tumindake kliru nalika meruhi yen sejatine dheweke bisa ngandhut saka wijine Mahendra. Ing nalika iku, Atikah nggetuni tumindake karo Erik kang wis kebacut. *Superegone* Atikah mau durung bisa diwujudake sajroning kanyatan, amung dipendhem ing atine. *Tekanan* saka *superego* marang *ego* kang terus-terusan njalari dheweke ora kuwat maneh nyimpen rasa salahane. Rasa salah kang mung dipendhem jroning ati mau pungkasane bisa diwujudake sajroning kanyatan. Sakehing konflik psikologis kang dialami dening Atikah bisa kapungkasan saka pangapurane Mahendra marang Atikah.

Cerbung “Rembulan Wungu” minangka sastra hiburan kang ngemu piwulang. Piwulang moral yen manungsa iku kudu tansah sabar lan sumarah marang Pangeran. Ana kalane manungsa tumindak loput. Sapa wae kang nduweni kaluputan kudune ngakoni lan nggetuni tumindak lopute kasebut. Sok sapaa sing dijaluki pangapura wajib aweh seputra.

### Pamrayoga

Teks cerbung “Rembulan Wungu” anggitane Ardini Pangastuti nduweni potensi estetis lan ekstra estetis kang omber, ora mung kawawas adhedhasar

tintingen strukturalisme apadene psikologi sastra. Teks cerbung kasebut uga bisa ditintingi kanthi nengenake aspek liyane, upamane babagan romantisme utawa erotisme.

### KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2011. *Psikologi Kepribadian*. Malang: UMM Press
- Aminuddin. 2011. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: MedPress
- \_\_\_\_\_. 2008. *Metode Penelitian Psikologi Sastra Teori, Langkah dan Penerapannya*. Yogyakarta: MedPress
- Hall, Dalvin S. 1980. *Sigmund Freud Suatu Pengantar ke dalam Ilmu Jiwa Sigmund Freud*. Terjemahan S. Tasrif. Bandung: PT Pembangunan
- Hardjana, Andre. 1994. *Kritik Sastra Sebuah Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Hutomo, Suripan. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Koswara, E. 1991. *Teori-Teori Kepribadian*. Bandung: PT Eresco
- Luxemburg, Jan Van, dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Terjemahan Dick Hartoko. Jakarta: PT Gramedia
- Minderop, Albertine. 2011. *Psikologi Sastra Karya Sastra, Metode, Teori, dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia
- Moleong, Lexy J. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rasdakarya
- Nuryiantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Poerwadarminta, WJS. 1939. *Baoesastraa Djawa*. Jakarta: J. B. Wolters' Uitgevers atau Maatchappij N.V.Groningen
- Pangastuti, Ardini. 2011. *Djaka Lodang Cerbung “Rembulan Wungu” Edisi 42-05*. Yogyakarta: Majalah Djaka Lodang
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Semi, Atar. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa
- \_\_\_\_\_. 1998. *Anatomi Sastra*. Jakarta: Angkasa Raya
- Sumardjo, Jakob. 1980. *Novel Populer Indonesia*. Yogyakarta: Nur Cahaya
- \_\_\_\_\_. 1982. *Novel Indonesia Mutakhir; sebuah kritik*. Yogyakarta: Nur Cahaya
- Suwondo, Tirto. 2006. *Antologi Pengarang Sastra Jawa Modern*. Yogyakarta: Adiwacana
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Wellek, Rene lan Austin Warren. 1989. *Teori Kesusasteraan*. Terjemahan Melani Budianto. Jakarta: Gramedia